



Bous NBA Pou Misyon ak Ministè Rezime epi Kesyon yo Renmen Poze Souvan yo

Kòm “National Benevolent Association” se ministè jeneral pou sante ak sèvis sosyo pou Legliz Kreytyèn (Disip Kris) la, li asosye ak founisè Disip yo ki ap travay nan domèn sante ak sèvis sosyo yo, ak legliz, ak rejyon ak ministè jeneral yo. NBA ap ekipe epi kolabore ak ministè ki an patenarya avèk li, ak tout òganizasyon ki ap founi yon èd ki dirèk epi ki ap defann sa ki pa gen mwayen yo - yo chache kay ki pa koute chè, yo ap bay sèvis spirityèl pou moun ki nan prizon ak sa yo ki sòti nan prizon e ki ap chèche antre nan sosyete a ankò, yo bay sèvis pou timoun epi pou fanmi, yo fè pwogram pou granmoun ki gen andikap entelektyèl ak andikap nan devlopman yo, yo ap sansibilize granmoun ki pi aje yo, yo ap kreye kèk mouvman ki ap pale de pwoblèm lenjistis ki gen rapò ak sèvis sante mantal ak tout politik yo, nou ka nonmen sèvis sa yo sèlman. Bous sa se yon konpleman epi li pa menm ak lòt pwogram nou genyen nan ministè sa.

K: Kisa NBA ye menm?

Pandan li ap reponn apèl Bondye a, NBA egziste pou li enspire ak konekte moun ak ministè nan Legliz Kreytyèn (Disip Kris), li akonpanye tout moun pou yo kapab kreye kominote ki gen lanmou ak bon kè, epi pou yo defann byenèt tout limanite.

K: Bous NBA yo kapab soutni ki domèn?

NBA ap chèche pou li finanse pwojè ak ministè ki ap travay nan « Edikasyon pou jèn ak jèn adilt ki vilnerab yo » ki genyen ant 10 ak 25 lane, ak « Ministè pou granmoun ki pi aje yo » ki ap sèvi granmoun ki gen 50 lane ou plis. Se de kominote sa yo ki te pi esansyèl nan ministè NBA depi lè li te kòmanse nan lane 1886-1887, epi se ak kominote sa yo ke nou ap chèche ranfòse angajman nou pou nou gen konpasyon ak bon kè. Aktyèlman, NBA deside pou li konsantre tout kòb bous yo nan de domèn sa yo.

K: Ki domèn bous NBA yo PAP sipòte?

- ✓ Endividyèl
- ✓ Kado
- ✓ Amelyorasyon imobilizasyon yo (konstriksyon, renovasyon, pwojè agrandisman)
- ✓ Seremoni nasyonal yo, komemorasyon, konferans, dine pou yo ranmase kòb, temwayaj ak tout evenman ki sanble a sa yo.
- ✓ Repezantan eli yo
- ✓ Tout pwojè ki pa nan Etazini ak Kanada
- ✓ Note byen, ke se pa sèl sa ki lonmen la yo ki konte. NBA gen dwa pou li deside si yon pwopozisyon oswa yon aplikasyon valab nan kad ministè NBA yo.

K: Ki moun ki gen dwa soumèt yon demand pou bous la?

Kongregasyon ak ministè ki ap travay nan domèn sante ak sèvis sosyo yo epi ki gen lyen ak Legliz Kreytyèn (Disip Kris) la epi ki nan Etazini ak Kanada. Pwojè ameriken yo



National **Benevolent** Association

dwe gen yon stati 501(c)(3) nan legliz la oswa nan eta kote ministè a ap travay la. Pwojè kanadyen yo dwe anrejistre kòm òganis charitab nan ARC a.

K: Pou konbyen kòb mwen kapab soumèt yon demand?

Tout moun ki deside aplike pou bous la dwe respekte règ yo. Nou ap aksepte demand pou bous nan twa kategori ak montan kòb sa yo, (USD pou dola Ameriken epi CAD pou dola Kanadyen)

Bous Katalizè USD \$1,000 - \$5,000 (CAD \$1,330 - \$6,655)

Fon sa yo se pou yo ede nou demare yon pwojè oswa fè yon pwojè pase nan yon lòt nivo oswa nan yon lòt rejyon/dimansyon. Bous sa yo ta sipoze ede òganizasyon an pran yon nouvel direksyon oswa bay òganizasyon an yon nouvel lide pou yon pwojè.

Bous Inovasyon USD \$6,000 - \$15,000 (CAD \$7,985 - \$19,955)

Fon sa yo ta sipoze ede yon pwojè ki etabli deja pou li rive nan yon lòt nivo viyabilite ak enpak. Òganizasyon yo ta sipoze eksplike nan yon manyè ki trè klè kijan fon sa yo ap pèmèt yo reyalize objektif sa.

Bous Enpak USD \$20,000+ (CAD \$26,610+)

Fon enpak ta sipoze itilize pou yon gwo chanjman nan yon pwojè. Li ta sipoze akonpanye ak yon plan ki byen evalye deja epi ki ap detaye kijan fon sa yo ap pèmèt òganizasyon an pase nan yon lòt nivo de viyabilite ak enpak. Bousye yo ap oblije travay nan yon kolaborasyon sere ak ekip NBA a pou yo asire yo ke pwojè a ap byen enplante, epi l'ap kapab dire pou yon bon tan, sa ap bay tout rès legliz la yon opòtinite pou yo aprann de eksperyans sa.

K: Eske mwen gen dwa pou mwen soumèt plizye aplikasyon an menm tan?

Non. Pwojè/òganis yo pa kapab soumèt plis ke yon aplikasyon pandan yon sik bousye. Nou gen dwa soumèt aplikasyon yon sèl fwa nan yon ane.

K: Si mwen gentan ap benefisye yon bous NBA nan yon lòt domèn, tankou nan 'NBA Incubate', eske mwen gen dwa soumèt yon demand pou bous sa a tou?

Si yon pwojè/òganis ap resevwa yon bous nan yon lòt pwogram NBA, ou pap kapab resevwa bous sa a.

K: Eske yon òganis gen dwa resevwa bous la yon sèl fwa oswa mwen gen dwa pou mwen aplike pandan plizyè ane?

Objektif proses bous sa se pou li sipòte pwojè a pou yon ane. NBA gen dwa pou li apwouve yon aplikasyon ou byen pou li pa apwouve li.

K: Eske mwen ap oblije soumèt yon rapò sou kijan lajan an te depanse ak tout rezilta yo?



National Benevolent Association

Wi.

NBA ap voye yon fòmilè rapò enpak pou ou ranpli. Lè nou bay yon bous, chak bousye dwe aksepte pou li ranpli tout fòmilè rapò enpak la.

K: Eske NBA gen lòt egzijans si mwen resevwa bous la?

NBA pral mande ou pou ou travay an patenarya ak ekip NBA a pou ou kapab ekri (oswa anrejistre nan yon fason) yon istwa sou pwojè ou a ak tout enpak pwojè a genyen nan kontèks pa ou a. NBA toujou ap chèche pou li favorize aprantisaj pou tout legliz la sou sijè ministè sante ak sèvis sosyo yo ki ap reyisi, epi li ap travay avèk ou pou nou kapab asire nou ke reyisit ak enpak ou genyen nan travay ou a kapab anplifye.

K: Kijan nou pral evalye demand mwen an epi kijan mwen ap konnen si pwojè mwen ap aksepte ?

Nou genyen yon komite pou bous. Manm komite sa yo se manm NBA ak manm konsèy administrasyon an ki pral evalye tout aplikasyon yo epi ki pral pran desizyon sou finansman. Tout moun ki voye demand yo ap jwenn yon repons sou rezilta pwosesis la. Si pwojè ou a pap jwenn yon bous, nou ap fè tout efò pou nou enfòme ou sou rezon ki fè nou pran desizyon sa. Pwojè sa yo, si nou wè yo apwopriye, nou ap ankouraje ou pou ou voye yon lòt aplikasyon nan pwochèn ane sik bous yo.

K: Nan ki dat nou ap voye bous yo? Nan ki dat nou ta sipoze tann yon repons nan men NBA? Kilè nou ap resevwa fon yo si nou apwouve?

- 14 Sept: Komite bous nan NBA a sipoze jwenn tout aplikasyon/pwopozisyon yo.
- 15 Nov: Moun ki voye aplikasyon yo ap jwenn repons.

Q: Mwen ale sou paj entènèt bous NBA yo e mwen ap ranpli aplikasyon a kounye a. Si mwen genyen lòt kestyon, kiyès pou mwen kontakte?

Nou ap mande ou pou li avèk anpil atansyon tout enfòmasyon sou pwosesis bous yo. Si ou gen plis kestyon, ou ka voye yon email nan adrès sa : grants@nbacares.org.



National **Benevolent** Association

National Benevolent Association
Misyon, Vizyon ak Valè
www.nbacares.org

Misyon Nou

Pandan li ap reponn apèl Bondye a, NBA egziste pou li enspire ak konekte moun ak ministè nan Legliz Kreytyèn (Disip Kris), li akonpanye tout moun pou yo kapab kreye kominote ki gen lanmou ak bon kè, epi pou yo defann byenèt tout limanite.

Vizyon Nou

Pou nou kreye kominote ki gen konpasyon ak bon kè

Valè Fondamantal yo

Valè fondamantal NBA yo, ki se ministè jeneral pou Legliz Kreytyèn (Disip Kris) la, se fondasyon nou sou kijan nou ap travay, kijan nou ap òganize tèt nou ak òganize lòt kominote ki ap travay avèk nou, ak kijan nou ap evalye pwogram ak aktivite nou yo. Nou viv valè sa yo nan kijan nou ap reyaji youn ak lòt, ak manm kominote ke nou ap akonpanye a epi kominote nou ap defann nan. Valè sa yo toujou egziste kèlkelanswa sezon an, sitiyasyon an oswa moun ki konsène a. Valè sa yo ap gide kilti òganizasyon nou an pandan ke nou ap chèche viv angajman nou devan tout kreyasyon Bondye a fidèlman.

Anrasine nan Konpasyon ak Bon Kè

Nou selebre sa yo ki te sèvi anvan nou lè yo te vle kreye yon monn ki jis. Depi 1886, misyon ak tout travay NBA a sòti nan temwayaj yon ti gwoup fanm Disip ki te ap chèche konble bezwen timoun ak fanmi ki pa gen anyen. Nou valorize eritaj sa ki montre nou kijan pou nou sèvi « youn nan pi piti yo » epi nou ap chache pou nou anrasine tout sa nou fè yo nan valè ak diyite pou lavi moun epi pou nou sèvi monn lan ke Bondye renmen anpil lan.

Responsabilite

Se devwa nou pou nou byen jere tout resous yo ban nou jere yo. Nou gen responsabilite fiskal epi nou rekonèt ke nou dwe rann kont bay patenè nou yo epi ak tout kominote nou ap sèvi yo. Nou trete youn lòt avèk respè epi nou ap chèche pou nou travay nan transparans epi ak yon lespri ouvè nan tout sa nap fè. Kote gen frajilite, nou ap chèche rekonsilyasyon.

Patenarya nan Kolaborasyon

Nou rete kwè ke lè nou ap chèche pou nou kreye kominote ki gen konpasyon ak lanmou, rezilta ki gen plis enpòtans yo rive sèlman le nou ap travay ak Bondye epi ak yon gwo divèsite lòt moun - endividi, kominote, legliz ak òganizasyon.



National **Benevolent** Association

Nou di lè nou ap travay ak patenè yo, ak moun nou ap sèvi yo, epi lè nou ap dirije yo ak tout imilite, se lè sa nou jwenn tout sa nou bezwen pou nou fè yon diferans.

Akonpayman

Nou bay vwa ak lespri kreyatif chak moun anpil enpòtans lè nou ap gade e respekte apèl Bondye a, espesyalman lè nou ap travay pou nou chèche solisyon ak efò kreyatif ak tout inovasyon nou genyen pou nou kapab reponn ak kèk kesyon sou sijè defi pèsònèl ak opresyon ki nan sistèm nou yo. Lè nou deside adopte yon atitud kote nou louvri lespri nou, nou jwenn nan chak moun ki nan mitan nou yo « pen » ki kapab bay nou tout manje. Pandan nou ap pataje lajwa ak tout eprèv lavi nou tout ap viv yo, pandan nou ap ede youn lòt sipòte pwa ki sou zepòl frè ak sè nou, pandan nou ap pase moman difisil yo ansanm, nou ap kreye anpil kominote ki gen konpasyon ak lanmou.

Souplès/ Panse Pou Demen

Nou angaje nou pou nou aprann ak adapte nou pandan nou ap mache nan direksyon fiti a. Nou konprann ke pandan nou ap viv nan yon tan kote ki gen chanjman ak nouvèl direksyon, chimen ki devan nou an genyen anpil bagay ke nou poko konnen ak anpil defi. Gras ak tout efò nou mete ansanm yo pou nou defann lajistis, pou edikasyon, pou yon repons pastè yo ak sèvis pwofesyonèl ki ap kominike konpasyon, nou ap dirije nou yon kote ki gen sante ak byenèt pou tout moun.